



Pou Piblikasyon Imedya: 25/01/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL MONTE TREN INOGIRAL LIRR LA KI RIVE GRAND CENTRAL MADISON

Sèvis Grand Central Direct 20 minit ant Jamaica ak Grand Central Madison kòmanse operasyon inisyàl, ak ekspansyon konplè k ap vini byento

Grand Central Madison pèmèt premye transfè dirèk ant LIRR ak Metro-North Railroad

Premye tren istorik la te rive a 11:07 a.m.

Gouvènè Kathy Hochul ak Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral MTA a Janno Lieber, jodi a te moute tren inogiral Wout Ray Long Island (Long Island Rail Road, LIRR) lan ki rive Grand Central Madison, ki te rive sou platfòm tèminal la a 11:07 a.m. Tren an se te premye tren Grand Central Direct k ap opere kounye a ant Jamaica ak Grand Central Madison ant 6:15 a.m. ak 8:00 p.m. nan jou lasemèn ak ant 7:00 a.m. ak 11:00 p.m. nan wikenn. Tren yo ap kouri chak 30 minit nan toude direksyon pandan peryòd midi lasemèn yo ak nan wikenn, ak yon fwa pa èdtan pandan peryòd chaje yo - y ap rive nan Grand Central ant 6:30 a.m. ak 10:00 a.m. epi y ap pati ant 4:30 p.m. ak 7:30 p.m.

"Grand Central Madison se yon eleman ki chanje jwèt la pou Nouyòkè yo, epi mwen espere akeyi vwayajè Long Island yo nan nouvo tèminal fòmida b nou an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Enfrastrikti gen pou wè ak koneksyon, epi pwojè sa a se yon etap ekstrawòdinè pou pi byen konekte plizyè milyon Nouyòkè ak kay yo, fanmi yo ak travay yo."

Pandan peryòd inisyàl sa a, LIRR gen anbasadè kliyan nan sal datant Grand Central Madison pou salye kliyan yo epi ofri enfòmasyon sou nouvo espas la. Kliyan LIRR nan Grand Central Madison ka itilize tikè Penn Station yo, paske Penn Station ak Grand Central Madison nan menm zòn tarif. Sèvis espesyal Grand Central Direct la pral fini ak inisyasyon sèvis tren konplè ki reflete sa ke yo te etabli nan plan orè ki te pibliye jen pase a. Pou pèmèt planifikasyon vwayaj, MTA a pral bay omwen twa semèn avi anvan nouvo orè konplè a antre an aplikasyon.

Grand Central Madison double kapasite LIRR nan Manhattan. An konjonksyon avèk finisman yon twazyèm vwa sou Liy Prensipal LIRR la, nouvo tèminal la pèmèt opsyon

vwayaj nan sans envès ki pa te posib anvan sa a. Pou kliyan LIRR k ap travay sou bò lès Manhattan, yo prevwa nouvo tèminal sa a pral ekonomize 40 minit pa jou pou vwayaje ale retou.

Tèminal la bay tou koneksyon san pwoblèm atravè rejyon MTA a, ak alafwa ray tren banlye yo ak Metro Vil New York yo tout nan yon sèl bilding pou premye fwa. Agrandisman CityTicket pral ofri yon opsyon vwayaj adisyonèl nan kominote Queens yo k ap sèvi pa LIRR la, sa k ap bay aksè ki pi fasil ak opòtinite travay yo. Entwodiksyon iminan Tikè Konbine (Combo Ticket) a pral bay Nouyòkè yo, ak moun k ap vizite New York, plis opsyon vwayaj pase anvan pou ale nan Long Island, Hudson Valley, oswa Connecticut soti nan senk minisipalite yo. Kliyan ki nan teritwa Wout Ray Metro-North yo pa egzanp pral kounye a gen yon vwayaj yon tikè inik ki mennen nan Ayewopò JFK a.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral MTA, Janno Lieber, te deklare, "Sa n ap ouvri jodi a vrèman ekstrawòdinè. Uit vwa, kat platfòm ak 714,000 pye kare espas nan Grand Central Madison se sèlman pati ki pi vizib nan yon pwojè ki gen ladan tou 64 km nouvo vwa, 96 nouvo twonson, 885 km kab, 8,445 pye mi soutènman, senk nouvo pon ray tren, 296 nouvo poto katenè, 51 tou sinyalizasyon, 2 milyon yad kib wòch, tè ak labou fouye, 1 milyon yad kib beton vide, ak izin vantilasyon tinèl ki gen sòti ijans nan chak kèk blòk Ansanm ak pwojè Twazyèm Vwa (Third Track) ki gen siksè ak reyabilitasyon Tren L la, sa ki te akonpli depi renovasyon East Side Access 2018 la pwouve MTA se yon lidè megapwojè."

Prezidan Pwovizwa LIRR lan ak Prezidan Metro-North lan, Catherine Rinaldi, te deklare, "Nou kontan anpil pou nou akeyi premye jenerasyon kliyan LIRR yo ki pral gen yon chwa kounye a pou konnen si pou yo ale nan bò lwès oswa bò lès la. Sa a se kòmansman yon nouvo epòk pou wout ray la, ki pa mwens enpòtan pase ouvèti sèvis LIRR la nan Penn Station an 1910. Anpil travay te fèt pou fè ouvèti sa a rive, kidonk mwen ta renmen remèsye chak anplwaye LIRR ki te travay san pran souf pou fè sa vin yon reyalyte. Li pa ta posib san devouman yo."

Prezidan Kontriksyon ak Devlopman MTA a, Jamie Torres-Springer, te deklare, "Pou ouvè Grand Central Madison—yon tèminal 714,000 pye kare anba Tèminal Grand Central ki te deja emblème—te mande alafwa vizyon global ak atansyon sou detay. Ekip pwojè nou yo te gen tou de pandan yo te kenbe pwojè a an mouvman epi yo te travay atravè pwoblèm gwo kou piti, ki gen ladan tès final sistèm pou asire nou te pare pou sèvis revni. Gras a travay di ak devouman yo, jodi a nou bay yon nouvo espas ak sèvis transfòmatif pou pasajè LIRR yo."

Grand Central Madison se premye nouvo gwo tèminal tren anba lavil nan Etazini nan 67 ane ak premye ekspansyon LIRR nan 112 ane, depi sèvis yo te kòmanse nan Penn Station nan dat 8 septanm 1910. Tèminal la bay Long Island sèvis sou toude bò Manhattan pou premye fwa. Espas la gen ladan de zèv atistik pèmanan enpòtan pa atis ki renome entènasyonalman. Yon mozayik an vè abstrè ak figiratif ki mezire 875 pye kare pa Yayoi Kusama ki rele *Yon Mesaj Lanmou ki soti direkteman nan kè mwen ki ale*

nan linivè a (A Message of Love, Directly from My Heart unto the Universe) sitiye sou Saldant Madison lan nan zòn prensipal tikè a, ant lari 46th ak 47th. Kat mozayik an vè pa Kiki Smith ki totalize apeprè 600 pye kare pral pote nati enspire pa Long Island nan nivo Mezzanine, epi yon senkyèm mozayik pa Smith sou Madison Concourse ki totalize 800 pye kare te enspire pa fason limyè solèy la briye sou sifas East River a.

Komansman sèvis la kounye a pèmèt posiblite pou transfere dirèkteman ant LIRR ak Wout Ray Metro-North la. Pou ankouraje pasaje ki soti nan chak ray tren eseye lòt la, lè sèvis LIRR konplè a kòmanse nan Grand Central Madison, MTA a pral prezante "Tikè Konbine" a - ki se yon tikè inik ki pèmèt kliyan vwayaje ant Long Island, katye nò Manhattan yo ak Connecticut yo tout ak yon tarif.

Tikè Konbine a pral pèmèt pasaje yo achte yon tikè LIRR nan Huntington pou yon vwayaj nan White Plains oswa yon tikè Metro-North nan Poughkeepsie pou yon vwayaj nan Montauk. Pasaje yo chwazi estasyon orijin yo ak Grand Central kòm destinasyon yo epi yo peye tarif regilye a plis yon tarif fòfètè uit dola pou yon vwayaj k ap kontinye nan nenpòt destinasyon sou lòt wout ray la. Tikè Konbine a pral antre anvigè yon fwa ke orè Grand Central Madison yo fin aplike.

Orè nan tout sistèm Grand Central Madison yo sipoze genyen 274 tren anplis chak jou lasemèn pase sa k ap fonksyone kounye a, yon ogmantasyon sèvis istorik 41 pousan ki rann posib an pati pa finisman 3 oktòb la yon nouvo twazyèm liy prensipal ki mezire 15 km ant Floral Park ak Hicksville. Orè yo reprezante premye re-ekriti konplè orè LIRR yo depi plizyè deseni epi MTA ankouraje tout pasaje yo, kèlkeswa lè oswa kote yo vwayaje, pou yo revize opsyon yo sou aplikasyon TrainTime lan oswa revize apèsi sèvis LIRR la pou wè nouvo opsyon pou vwayaj pa yo.

Grand Central Madison ak Liy Prensipal Twazyèm Vwa fè pati yon envestisman 17.7 milya dola san parèy pou transfòme ak modènize Wout Ray Long Island lan ak 100 pwojè nan tout sistèm nan ki gen ladan konstriksyon yon Sal Datant LIRR ki pi laj nan Penn Station ak yon nouvo antre nan 33rd Street ak Seventh Avenue, renouvèlman ak amelyorasyon 36 estasyon ak 17 pon, eliminasyon uit pasaj wout ray a nivo, aktivasyon sistèm sekirite Kòmand Entegral Tren (Positive Train Control), ogmantasyon 21 km nan dezyèm vwa ant Farmingdale ak Ronkonkoma, amelyorasyon nan 15 soustasyon elektrik, kapasite pakin ogmante, agrandisman lakou.

Anplis de sa, apre ouvèti Moynihan Train Hall an 2021, MTA, ansanm ak Empire State Development, NJ TRANSIT ak Amtrak, ap transfòme Penn Station an yon tèminal klas mondyal ak yon sèl nivo ak limyè natirèl abondan, plafon wo, ogmantasyon aksè ak platfòm yo, ak orantasyon amelyore.

LIRR la [te pibliye plan orè](#) ki montre sèvis Grand Central Madison nan 2 jen pou revizyon piblik la epi li te òganize sis sesyon enfòmasyon vityèl ak reyinyon piblik ant 23 jen ak 11 out pou rekeyi opinyon piblik la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418